



Pou Piblikasyon Imedya: 19/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PRÈSKE 38 MILYON DOLA NAN FINANSMAN FEDERAL POU RANFÒSE SEKIRITE POU ÒGANIZASYON SAN BI LIKRATIF YO K AP FÈ FAS AK GWO RISK TEWORIS

Finansman an pral ede òganizasyon san bi likratif yo ranfòse sekirite etablisman ak preparasyon an jeneral

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse 37.9 milyon dola nan finansman federal pou sipòte efò 195 òganizasyon san bi likratif k ap fè fas a yon ogmantasyon nan risk teworis yo oswa lòt atak ekstremis pou ranfòse sekirite etablisman yo, ansanm ak amelyore preparasyon yo anjeneral. Finansman sa a, ke Ajans Federal pou Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA) lan founi atravè Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif (Nonprofit Security Grant Program, NSGP), ap repati bay New York atravè de prim separe - 33.3 milyon dola pou òganizasyon nan Zòn Metwo Vil New York ak 4.7 milyon dola pou òganizasyon yo nan tout rès eta a. Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) nan Eta New York jere pwogram sa yo nan kolaborasyon etwat avèk entèvenan lokal yo.

"Pwogram Sibvansyon Sekirite San bi likratif la se yon pati enpòtan nan estrateji nou an pou anpeche teworis lokal nan Eta New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Kèlkeswa kote nou rasanble, nou gen dwa pou nou reyini nan lapè ak respè san krent vyolans oswa kritik kriyèl. Efò sa a egzije pa mwens ke patenarya total tout moun ki patisipe nan kreye yon anviwònman ki pi an sekirite pou tout moun k ap viv, travay ak vizite gran eta nou an".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Finansman enpòtan sa a ede òganizasyon san bi likratif atravè eta a ranfòse enfastrikti yo epi fòme yo pou senaryo ki baze sou sekirite pou dekouraje zak teworis ak krim rayisman. N ap travay ak patnè nou yo atravè tout nivo gouvènman an pou asire pwogram sa a kontinye fè New York yon kote ki pi an sekirite pou tout moun".

Nan tout peyi a, yo ap founi yon total 305 milyon dola nan Pwogram Sibvansyon pou Sekirite Òganizasyon San Bi Likratif yo nan ane fiskal 2023 a. Nan kantite lajan sa a, yo te mete 152.5 milyon dola disponib nan finansman pou òganizasyon san bi likratif ki

sitiye nan youn nan Inisyativ Sekirite Zòn Iben (Urban Areas Security Initiative, UASI) ki deziyen zòn iben ki gen gwo risk. Yo te rezève rès 152.5 milyon dola pou jiridiksyon ki an deyò zòn UASI deziyen yo.

Depans akseptab yo enkli planifikasyon tankou jesyon risk sekirite, kontinwite operasyon yo, ak plan repons; ekipman, ki gen ladan amelyorasyon sekirite fizik ak sistèm enspeksyon/depistaj ekipman: fòmasyon tirè aktif ak fòmasyon sekirite pou anplwaye oswa manm kongregasyon: egzèsis entèkansyon, ak pèsònèl sekirite ki gen kontra.

Nan New York, zòn iben ki gen gwo risk UASI deziyen nan eta a se Zòn Metwo Vil New York la. Espesyalman, sa gen ladan Vil New York, ansanm ak Konte Westchester, Nassau ak Suffolk. An 2023, New York mennen nasyon an nan alafwa finansman total ak kantite prim nan yon zòn ki deziyen pa UASI ak 33.3 milyon dola yo ap akòde a 174 òganizasyon san bi likratif. Rès 4.7 milyon dola nan finansman federal la pral atribiye ak òganizasyon san bi likratif yo nan tout rès eta a.

Enfòmasyon sou Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans

[Divizyon Sekirite Enteryèak Sèvis pou Ijans yo](#) (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ofri direksyon, kowòdonasyon ak soutyen pou anpeche, pwoteje kont, prepare pou, reponn a, rekipere apre, epi diminye katastwòf ak lòt ijans. Pou plis enfòmasyon, swiv @NYSDHSES sou Facebook, Instagram, ak X (Anvan li te rele Twitter) oswa vizite dhses.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)